

Kisa Lojman Sosyal ye?

Lojman sosyal se yon pwogram ki ede moun ak fanmi ki pa touche anpil kòb peye pou yon kote pou yo rete. Otorite Lokal Lojman yo dirije pwogram nan avèk lajan ki soti nan Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (HUD). Kantite lajan yo resevwa a depann de konbyen inite lojman sosyal yo genyen ak konbyen kòb lwaye yo kolekte. **Otorite Lojman an posede inite lojman yo epi li aji kòm pwopriyetè kay la.** Lè yon lokatè demenaje, sibvansyon an rete ak inite a, men pa ak lokatè a.

Lis Datant pou Lojman Sosyal

Si ou kalifye pou lojman sosyal, yo ka mete ou sou yon lis datant paske pa gen ase inite pou tout moun. Chak Otorite Lojman gen règ sou ki moun ki mete sou lis la, kijan yo chwazi moun, ak kijan yo retire moun nan lis la. Règ sa yo dwe jis epi yo pa dwe fè diskriminasyon sou baz bagay tankou ras, sèks, oswa andikap. Lis datant yo pataje sou entènèt, nan biwo Otorite Lojman an, oswa nan jounal lokal yo.

Refi Admisyon

Chak Otorite Lojman fikse pwòp règ li yo pou ki moun ki ka antre nan lojman sosyal la, men yo dwe swiv direktiv HUD yo. Y ap gen yon règleman ekri yo rele Règleman Admisyon ak Okipasyon Kontinyèl (ACOP) ke nenpòt moun ka wè.

Yo ka refize ba ou lojman si:

- yo te mete w deyò nan lojman sosyal pou rezon ki gen rapò ak dwòg nan 3 dènye ane yo,
- ou te fè krim nan ki rann ke lòt moun pa an sekirite bò kote w,
- ou te itilize dwòg ilegal,
- ou te vann oswa fè dwòg nan lojman sosyal,
- ou se yon delenkan seksyèl anrejistre (y ap toujou refize w), oubyen
- ou itilize marigwana medikal.

Otorite Lojman an dwe ba ou yon avi **alekri ki eksplike rezon refi admisyon an**. Si ou kwè yo te refize admisyon w enjisteman, ou ka voye yon demann alekri pou yon odyans plent enfòmèl.

Lwaye

Ou ka chwazi kijan pou kalkile lwaye w la:

- **Lwaye fiks:** Yon montan fiks ki baze sou menm kalite lojman ki gen nan zòn nan.
- **Lwaye ki baze sou revni:** 30% nan revni mansyèl ou apre sèten dediksyon, mwens nenpòt èd pou sèvis piblik yo.

Revni Mansyèl Ajiste

Revni mansyèl ajiste a se Revni Brit Anyèl ou mwens dediksyon otorize yo, divize pa 12. Revni ou gen ladan l salè, poubwa, Sekirite Sosyal, chomaj, ak plis ankò. Dediksyon yo gen ladan yo montan pou moun ki sou kont ou, granmoun aje oswa moun andikape nan fanmi w, gadri, ak sèten depans medikal.

Alokasyon pou sèvis piblik yo

Chak ane, HUD fikse yon montan pou ede w peye sèvis piblik tankou kouran, dlo, gaz, elatriye ki pa enkli nan lwaye w la.

Re-sètifikasyon

Chak ane, Otorite Lojman an verifye pou asire w ke ou toujou kalifye. Ou bezwen pataje prèv revni w. Si revni w chanje pandan ane a, ou dwe di Otorite Lojman an. Chanjman nan revni w ka lakòz lwaye w chanje.

Sispansyon

Otorite Lojman an ka mete fen nan yon kontra lokasyon pou vyolasyon grav oswa vyolasyon ki repete plizyè fwa oswa pou yon bon rezon. Tou depan de vyolasyon an, ou pral gen 7 a 30 jou pou korije pwoblèm nan.

Otorite Lojman an dwe bay yon avi alekri ki dekri espesyalman swadizan vyolasyon an epi ki gen ladann dwa pou mande yon odyans plent enfòmèl.

Bon kòz la gen ladan l:

- pa peye lwaye,
- gen moun ki pa apwouve k ap viv avèk ou,
- itilizasyon dwòg ilegal,
- kondane pou vann oswa fè dwòg sou nenpòt pwopriyete lojman ki resevwa asistans federal,
- aktivite kriminel ki gen rapò ak dwòg sou lokal la oswa deyò lokal la,
- aktivite kriminel ki menase sante ak sekirite lòt rezidan oswa anplwaye yo,
- bay manti oswa komèt fwod pandan pwosesis aplikasyon an oswa re-sètifikasyon an,
- pa avize Otorite Lojman an sou chanjman nan kantite moun ki nan fanmi ou oswa revni ou, epi
- pa fin ranpli re-sètifikasyon an alè.

Kisa pou w fè si w resevwa yon Avi Sispanasyon

1. Li kontra lokasyon w lan ak tout avi ki ladan l yo ak anpil atansyon.
2. Mande kopi nenpòt prèv Otorite Lojman an gen plan itilize kont ou.

Ou ka mande yon odyans alekri anvan dat limit ki nan avi a. Prepare w pou prezante nenpòt prèv ou genyen ki montre poukisa yo pa ta dwe sispann kontra lokasyon ou a.

Dwa ou kòm yon Lokatè

Antanke lokatè, ou gen dwa pou:

- Jwenn avi alekri,
- Mande yon odyans,
- Gade epi kopye dokiman Otorite Lojman yo,
- Gen yon avoka,
- Pataje vèsyon pa w nan istwa a, epi
- Rapòte pwoblèm ak inite w la.

Degèpisman

Si ou pa kite apre ou fin resevwa yon avi fen kontra lokasyon an, Otorite Lojman an ka mennen ou nan tribinal. Pou aprann plis bagay sou pwosesis degèpisman, ale nan seksyon [Ki sa ki yon Degèpisman ye?"](#)

Additional Resources

- [Fèy Enfòmasyon sou Lojman Piblik HUD a](#)
- [Jwenn Ajans Lojman Piblik lokal ou a](#)
- [Paj dakèy HUD Florid la](#)